



## Ministè Sante ak Sèvis Sosyal nan Delaware

1901 N. DUPONT HIGHWAY, NEW CASTLE, DE 19720

### Dwa Rezidan Yo

Pou pwomouvwa enterè ak byennèt rezidan nan sant sante a lontèm, tout etablisman yo dwe trete rezidan yo annakò ak dwa rezidan annapre yo:

(1) Chak rezidan gen dwa pou resevwa swen, tretman ak sèvis ki atansyone, respekye, ak apwopriye, annakò ak lwa ak regleman federal ak eta ki apwopriye, pandan y ap rekonèt dwa debaz chak moun onivo pèsonèl ak pwopriyete, sa ki enkli diyite ak endividyalite.

(2) Chak rezidan ak reprezantan otorize an nan kad § 1122 nan tit sa a pou yon rezidan konsa, anvan oubyen nan moman admisyon an, resevwa yon deklarasyon alekri sou sèvis ki ofri nan etablisman an, sa enkli sa ki obligatwa pou yo ofri sou yon baz "nesesite", epi yon deklarasyon sou frè ki lye ak sèvis ki pa kouvri nan kad Medicare oubyen Medicaid, oubyen ki pa kouvri nan kad tarif jounalye etablisman an. Apre yo fin resevwa deklarasyon sa a, rezidan an ak reprezantan otorize rezidan an nan kad § 1122 nan tit sa a, reprezantan an pral siyen yon resi alekri pou etablisman kenbe nan dosye yo.

(3) Apre admisyon, chak etablisman dwe soumèt bay rezidan an oubyen reprezantan otorize a, sou yon baz mansyèl, yon deklarasyon alekri, espesifye ki bay detay, nan yon langaj ki konpreyansif pou moun komen òdinè a, frè ak depans rezidan an te akimile pandan mwa presedan an.

a. Deklarasyon an dwe prezante yon deskripsiyon sèvis espesifik, ekipman ak pwovizyon yo resevwa, epi depans ki reyalize pou chak atik.

b. Deklarasyon an dwe enkli yon eksplikasyon pou tout atik idantifye yo pa kòd oubyen inisyal, men li pa dwe enkli frè ki soti nan medsen mezon retrèt la si yo faktire yo nan fason separe.

c. Etablisman an dwe fè efò resonab pou kominike kontni deklarasyon alekri endividylèl yo bay moun kote li gen rezon pou li kwè yo pa ka li deklarasyon an.

(4) Chak rezidan dwe resevwa nan men doktè tretan an oubyen yon doktè etablisman an enfòmasyon ki konplè ak aktyalize konsènan dyagnostik, tretman, ak pwonostik rezidan an nan tèm ak langaj yo ka resonabman atann pou rezidan an konprann, sofsi li pa rekòmandab medikalman.

(5) Chak rezidan dwe patitisipe nan planifikasyon tretman medikal rezidan an, sa enkli patisipasyon nan rankont sou plan swen sante.

(6) Chak rezidan ka refize medikaman oubyen tretman epi yo dwe enfòme yo sou konsekans medikal pou tout altènativ medikaman ak tretman.

(7) Chak rezidan dwe bay konsantman eklere oparavan pou patisipasyon nan kèlkeswa rechèch eksperimental apre yon revelasyon konplè sou objektif, efè segondè ki posib sou rezidan epi si rezidan an ka atann nenpòt benefis oubyen soulajman nan maladi rezidan an.

a. Nan nenpòt sikonstans nan nenpòt tès oubyen administrasyon medikaman eksperimental, dwe gen evidans alekri sou konfòmite ak seksyon sa a, sa enkli siyati rezidan an oubyen reprezantan otorize li si yo te jije rezidan an enkonpetan.

b. Yon kopi rekonesans siyen oubyen konsantman eklere siyen, oubyen toude lè sa obligatwa, pral pataje ak chak siyatè epi yon kopi pral konsève pa etablisman an.

(8) Bò tèt kabann chak rezidan, etablisman an dwe plase ak kenbe nan bon eta non, adres, ak nimewo telefòn doktè ki responsab pou pran swen rezidan an.

(9) Chak rezidan dwe resevwa respè ak konfidansyalite nan pwòp pwogram swen sante rezidan an. Diskisyon dosye, konsiltasyon, ekzamen, tretman tout dwe rete konfidansyèl, epi yo pral reyalize yo diskrètman.

a. Nan diskresyon rezidan an, moun ki pa dirèkteman enplike nan swen rezidan an pa dwe gen otorizasyon pou yo prezan pandan diskisyon, konsiltasyon, ekzamen oubyen tretman sa yo, eksepte ak konsantman rezidan an.

b. Dosye pèsonèl ak medikal dwe trete konfidansyèlman, epi yo p ap rann yo publik san konsantman rezidan an, eksepte lè dosye sa yo nesesè pou transfere rezidan an nan yon lòt enstitisyon swen sante oubyen jan lalwa oubyen peman tyès pati ekzije sa.

c. Okenn dosyen pèsonèl oubyen medikal p ap divilge bay okenn moun anndan oubyen deyò etablisman an ki pa demontre yo gen nesesite pou dosye sa yo.

(10) Chak rezidan pa dwe sibi kontrent fizik ak chimik ki enpoze nan objektif disiplin ak konvenans, epi ki pa nesesè pou trete kondisyon medikal rezidan an.

(11) Chak rezidan dwe resevwa nan men administratè oubyen anplwaye etablisman an yon repons koutwa, ponkyèl ak rezonab pou demann, epi etablisman an dwe fè efò rapid pou rezoud plent yo. Repons a demann epi plent dwe fèt alekri lè rezidan an fè yon demann alekri.

(12) Chak rezidan dwe resevwa enfòmasyon konsènan nenpòt lòt relasyon etablisman an genyen ak lòt sant swen sante ak enstitisyon asosye oubyen founise sèvis, sa enkli famasi ak sèvis reabilitasyon, nan nivo yo ofri rezidan an swen oubyen sèvis ki soti nan men antite ki lye yo. Y ap ofri enfòmasyon sa yo alekri nan moman admisyon an, epi apresa lè y ap ofri sèvis adisyonèl.

(13) Chak rezidan pral resevwa swen sante ki koresponn ak estanda pwofesyonèl pou swen sante.

(14) a. Chak rezidan ka asosye ak kominke, sa enkli vizit ak vizitasyon, nan fason prive epi san restriksyon ak moun ak gwoup rezidan an chwazi espesifikman, nan kad pwòp inisyativ rezidan an oubyen nan kad inisyativ moun yo, nan yon lè ki rezonab.

b. Anyen nan 77 Del. Laws, c. 49 entèdi yon sant swen a lontèm, jan sa defini nan § 1102 nan tit sa, pou l mete restriksyon sou vizitasyon akoz tantativ pou entèfere ak swen rezidan, si yo prezante menas pou anplwaye yo, ak rezidan yo, oubyen estaf, oubyen lòt aksyon ki entewonp operasyon etablisman an.

(15) Chak rezidan ka voye ak resevwa mesaj pa lapòs rapidman epi san yo pa ouvri yo.

(16) Chak rezidan dwe gen aksè nan nenpòt lè rezonab a yon telefòn kote rezidan an ka pale an prive.

(17) Chak rezidan dwe resevwa aksè ak enstriman pou ekri, papye, tenm lapòs, ak entènèt.

(18) Chak rezidan gen dwa pou l jere pwòp afè finansye pèsonèl li.

a. Si, atravè yon demann alekri siyen pa rezidan an, oubyen pa reprezantan otorize yon rezidan ke yo te jije enkonpetan, etablisman an ap jere afè finansye rezidan an, li dwe rete disponib pou enspeksyon yon kontabilite chak mwa, epi li dwe founi rezidan ak reprezantan otorize rezidan an yon deklarasyon trimestriyèl konsènan kont rezidan an.

b. Rezidan an dwe gen aksè san limit nan kont sa a nan lè rezonab.

(19) Si li marye, rezidan an dwe gen espas prive l pandan epou rezidan an vin vizite, epi, si toude mari ak madanm se rezidan nan etablisman an, yo dwe ofri yo opòtinite a lè sa fezab pou yo pataje yon chanm, sofsi medikalman li pa rekòmande.

(20) Chak rezidan gen dwa pou l gen konfidansyalite nan pwòp chanm li, epi anplwaye etablisman an dwe respekte dwa sa a lè yo frape sou pòt la anvan yo antre nan chanm rezidan an .

(21) Chak rezidan gen dwa pou l, pèsonèlman, atravè lòt moun, oubyen an konbinezon ak lòt moun fè nenpòt nan sa ki annapre yo:

a. Ekzèse pwòp dwa rezidan an.

b. Prezante plent.

c. Rekòmande chanjman nan politik oubyen sèvis etablisman an nan pwòp non li oubyen nan non lòt moun.

d. Prezante plent oubyen demann bay anplwaye oubyen administratè etablisman an, Ministè Sante ak Sèvis Sosyal, ajans pwoteksyon ak reprezantasyon, oubyen lòt moun oubyen gwoup san li pa pè reprezay, restriksyon, entèferans, kontrent, oubyen diskriminasyon.

(22) Yo pa ka ekzije yon rezidan pou l reyalize sèvis pou etablisman an.

(23) Chak rezidan gen dwa pou l konsève ak itilize pwòp rad ak posesyon rezidan an toutotan sa rezonab, epi li dwe gen dwa pou sekirite nan estokaj ak itilizasyon rad ak posesyon sa yo.

(24) Etablisman an dwe pèmèt chak rezidan pou l rete nan etablisman an, epi pa transfere oubyen ekzeyat rezidan an soti nan etablisman an, eksepte jan yo prevwa sa nan kad § 1127 nan tit sa a.

(25) Chak rezidan gen dwa pou l enspekte tout dosye ki lye ak rezidan an, apati demann oral oubyen alekri, nan 24 èdtan apre li fin notifye etablisman an. Chak rezidan gen dwa pou l achte fotokopi dosye sa yo oubyen nenpòt pati ladan yo, nan yon pri ki pa depase estanda kominote a, apati demann alekri epi 2 jou ouvrab pou notifikasyon davans pou etablisman an

(26) Chak rezidan dwe konplètman enfòme, nan yon langaj ki senp epi nan yon lang rezidan an konprann byen, sou tout dwa rezidan an ak tout règ ak regleman ki gouvène kondwit rezidan an ak responsabilite rezidan an pandan pasaj yo nan etablisman an. Yo dwe ofri sa nan yon fòma ki aksesib pou pasyan an epi reprezantan otorize li an.

(27) Chak rezidan gen dwa pou l chwazi yon doktè tretan pèsonèl.

(28) Chak rezidan gen dwa pou l ekzamine rezulta pou dènye sondaj etablisman an ki te reyalize pa enspektè federal oubyen eta epi nenpòt plan pou koreksyon ki anvigè konsènan etablisman an.

(29) Chak rezidan gen dwa pou l resevwa enfòmasyon nan men ajans pwoteksyon ak reprezantasyon ak lòt ajans k ap aji kòm defansè kliyan epi yo dwe ofri yo opòtinite pou kontakte ajans sa yo.

(30) Chak rezidan pa dwe sibi vvolans vèbal, fizik oubyen sikolojik, pinisyon kriyèl epi etranj, izolman envolontè, kenbe alokasyon monetè yo, pa ba yo manje, epi pa kite yo dòmi.

(31) Chak rezidan dwe gen libète pou yo fè chwa nan sa ki konsène aktivite, orè, swen sante, ak lòt aspè lavi rezidan ki enpòtan pou rezidan an, depi chwa sa yo rete annakò ak enterè, evalyasyon, ak plan sante rezidan an epi pa mete andanje sante oubyen sekirite endividé a oubyen lòt rezidan nan etablisman an.

(32) Chak rezidan gen dwa pou l patisipe nan yon pwogram kontini aktivite ki kreye pou satisfè, annakò ak evalyasyon ak plan swen sante pèsonalize rezidan an, enterè rezidan an ansanm ak byennèt fizik, mantal, ak sikososyal rezidan an.

(33) Chak rezidan gen dwa pou l patisipe nan aktivite sosyal, reliye, ak kominote ki pa entèfere ak dwa lòt rezidan.

(34) Chak rezidan dwe resevwa yon notifikasyon anvan yo chanje chanm oubyen konpayon chanm rezidan an, eksepte si se yon ijans. Etablisman an dwe eseye onore demann pou chanm oubyen konpayon chanm rezidan an depi sa posib.

(35) Chak rezidan dwe resevwa ankourajman pou l ekzèse pwòp dwa rezidan an kòm yon sitwayen Eta sa a ak peyi Etazini Damerik.

(36) Chak rezidan gen dwa pou l mande ak resevwa enfòmasyon konsènan nivo anplwaye minimòm akseptab nan sa ki lye ak pwòp swen sante rezidan an.

(37) Chak rezidan gen dwa pou l'mande ak resevwa non ak pòs chak manm estaf ki ap ofri swen bay rezidan an.

(38) Chak rezidan gen dwa pou l'mande ak resevwa yon òganigram ki prezante chèn lidèchip etablisman an nan objektif pou l'fè demann ak defini plent.

(39) Chak rezidan gen dwa pou konfòmite ak direktiv swen sante avanse rezidan an, pwokirasyon, Òdonans Medikal pou Pòte Tretman nan Delaware, oubyen dokiman similè an annakò ak oubyen sijè a Chapit 49 nan Tit 12 ak Chapit 25 nan tit sa a.

(40) Si yo jije yon rezidan enkonpetan, yo detèmine li enkonpetan pa doktè tretan rezidan an, oubyen li pa kapab kominike, dwa rezidan an pral transfere bay reprezantan otorize rezidan an, jan sa etabli nan kad nenpòt nan ka ki annapre yo:

a. Yon direktiv swen sante avanse.

b. Yon pwokirasyon medikal dirab pou desizyon swen sante.

c. Yon responsab tribinal nonmen nan kad Chapit 39 ak 39A nan tit 12, annakò ak otorite ki akòde atravè tribinal k ap fè nominasyon an.

d. Yon ranplasan ki nonmen nan kad Chapit 25 nan tit sa a.

e. Yon endividé ki otreman otorize nan kad lalwa aplikab pou pran desizyon sante ki fèt atravè ekzekisyon nan kad fòmilè DMOST nan non pasyan an anba Chapit 25A nan tit sa a.

(41) Yo dwe ofri chak rezidan swen sante ki rekonèt diferans ak preferans kiltirèl.